Щай Дагъистаналда ххамил кесекалъухъ чIвалел?

Марина АхIмадова **2**



Халкъияб цолъиялъул къо ва миллатчагIазул гъужумал

Ума ИсхIакъова **4**

Кида щвелеб бакъ рагIад бачахъизе?

ГIабдула Даганов **7**

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ
Р. ХIамзатов

№23 (23) 11 ноябрь 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

Майсарат МухIамадовалъ бицунеб буго С. Амировасул бахIарчилъиялъулги М. ЗайнулгIабидовасул заралалъулги

2

редакторасул калам

Аваразул калам, гьелъул камиллъи...

Ноябралъул щуабилелда ДНЦялъул активияб залалда жаниве лъугьарабго данделъи байбихьун бугоан. Гьеб къоялъ «Вацлъи» жамгIияб гIуцIиялъул гIолохъабаз ва ясаз авар мацIалъул мугIалимзаби, аваразул интеллигенция – хъвадарухъаби, гIалимзаби ва журналистал ахIун ругоан мацIалъул суалазда тIаса данделъиялде.БакI ккун букIаго абила, кутакалда хIажатаб ва пайдаяб хIалтIи гьабулеб буго «Вацлъиялъул» гIолохъабаз.

Гьаб сагIаталда чIахIияб гIелалъул гIемерисезда лъаларо бащдаб дунял интернеталда жаниб букIин. Гьениб «магIарулал.ру» сайталда ругел макъалабазги, кучIдузги, гара – чIвариязги гIезегIан гIолилал авар мацIалдаса тIубанго рикIкIалъизе толел гьечIолъи. Руго сайталъул камил гьаризе ккарал бакIалги, рахъулел макъалабазул даражаялъул рахъги,цойги суалалги. Гьелъие кверчIвай гьабизе ккола киназго ва жеги авар мацIалда сайтал гьарулел чагIи ругони жеги кIудияб кумек букIинаан гIолилал авар мацIалда жанир цIунизе. ТIад руссина щиб жо кколеб авар мацI цIунизе рачIаян балеб ахIи абураб суалалде. ТIоцебесеб иргаялда гьеб залалда жанир гIодор чIарал гIадамазул киназдего гIагарун рукIана авар мацIалъ хьихьарал чагIи.

Авар мацI гьечIони чадидаса махIрумлъулел гIадамал. Авар мацIалда хъвадарулел поэтаздаги, гьеб гIелмуялда тIад хIалтIун диссертациял цIунарал ва гьелдаса харжал росулел гIалимзабаздаги, авар мацIалъул мугIалимаздаги мацI цIунеян аби буго, вореха нужеда кваназе кIочон тоге, кваначIони ракъулаян абураб гIадаб жо.

Авар мацI халкъалъе хIажатаблъун лъугьине ккани аслияб кIвар кьезе ккола цIияб заманаялъул тIалабазда данде кколеб литератураялде, театралде, газетазде ва журналазде. Гьолъул даража гIодобе ккани билула мацI. ЦIалул программаял хисиялги, морфологиягун синтаксисалъул суалал гьоркьор лъеялъги мацI цIунуларо, гьениб бицунеб жо рагIарав чи тIадеги лъутула авар мацIалдаса. Хирияв гьалмагъзаби, нилъер кIудияв Расул ХIамзатовас абун буго «Метер магIарул мацI хвезе батани …» - ян цо цIороберал лъурав чи цеве вачIарабго дида мацI рихуна, дие гьеб бакIалдадаса лъутизе бокьула. Гьеб тайпаялъул кIалъаяз зарал гурони пайда гьабулареблъи нилъеда лъала. Щай гурелъул Дагъистаналда щибаб лъимадазда лъала гьесул лъималазда ва наслуялда тIадехун рехсарал мухъазул цо рагIи бичIчIулареблъи ва гьезие авар мацI хIажалъичIеблъи. Щайха хъварал поэтас дол рагIаби? Гьосда жиндаго батIияб мацI лъалареб букIун ва гьеб мацIалда хъварал кучIдузухъ пачалихъалъ гонорар кьун. Расул ХIамзатовас мацI цIунеян абуна, ГIелмияб централъул мацIазул институталъ гьебго абула, «ХIакъикъат» газета багъарула мацI цIунизе рачIаян ва цогидал авар мацIалъулгун гьоркьоблъи бугелщиназ такрар гьарула гьелго рагIаби. Щай? Щай гурелъул гьозул киназего гьеб мацI гьечIони квен букIунаро.

МацIал хIажат ратани гIуцIизе ккола шартIал гьеб мацI лъангутIиялъ чиясе зарал букIунел ва лъаялдаса пайда бахунел. ТIокIаб батIияб нух мацIал цIунизе гьечIо. ГIелмияб централда тIоритIарал данделъиязги, «Лъица кигIан хъвараб «ХIакъикъат?» абурал сияхIал газеталда рахъиялъги гIалам мацI цIунизе тIамуларо. ХIажат буго цIиял технологияздаса пайдаги босун, лъикIаб, тIадегIанаб даражаялъул литература, театр, миллияб пресса хIалтIун кIванагIан цIикIкIун гIолилал цIазе авар мацIалъул рахъалде. Машгьурал, гIун бачIунеб гIелалъ кьабул гьарулел гIадамал – политикал, спортсменал, культураялъул вакилзаби кIалъазаризе авар мацIалда телевидениялдаса, газетаздаса, сценаялдаса ва интернет – сайтаздаса. МагIарулал кIудияб, бахIарчияб тарихалъул, дунял хIикмат гьабурал гIадамазул миллат бугин абураб пикру халкъалъухъе щвезабизе. Ва гьел киназго бицунеб мацI авар букIараблъи рагьизе.

Зодихъ хIайранаб цIва, гъасда хинаб цIа Дуе камугеги кидаго даим...

« Церекъад росдал вас, къад гIолохъанчи
Къаси хъахIаб бетIер, хъван балеб гIазу,
Метер хурдузулъе тIерхьунеб зани -
Халатаб гьечIо кечI нилъер гIумрудул…» Расул ХIамзатовасул гьал пикраби библиотекаялда тIад хIурги ккун регарал тIахьазда жанир хутIилаан МухIамадтIамир Синдикъов вукIинчIевани. КочIохъанас гъуна куркьбал гьал ва цогидал нус – нус камилал пикрабазе, щвана магIарулазул щибаб рокьоре, хьатIана цIорорал ракIазда, миллат ахIана гIаднальиялъул, чилъиялъул, бихьинчилъиялъул, адабалъул нухде. ТIад калам гьечIого щивав магIарулас тасдикъ гьабулеб пикру буго – МухIамадтIамир Синдикъовасдаса гьунар бугев чи магIарул кочIол тарихалда вукIинчIин, я жакьа гьечIин абураб. Цо нухалъ диргун гьабураб гара – чIвариялда Синдикъовас загьир гьабуна гIажаибаб пикру – дицаги мажгиталъги гьабулеб хIалтIи цохIого буго абураб. ГIалам битIараб нухде ахIи, гIумруялъул лъикIал рахъал ралагьи: «Кьвагьуге, кьвагьуге, жаназадул мацI бицунге…», «Эбел цIуне…» «Гьудуллъи цIуне…», «Лъимал цIуне…», «ВатIан ва эркенлъи бокьа…» ва гIемераб цогидабги.

«Цебе рокьи ккарай ясалъе кьезе
Ральдал тIиндеги ун тIегь босулаан
Гьелъул гарбидаса меседил рахас
Бандаз тIолеб мехалъ хонжрое лъел щай?»

Гьаздаса инсан бихьинчилъиялде ва хIалихьалъиялдаса цIуниялде ахIулел рагIаби кир нилъеда цойги ратилел? Синдикъовас гьабуна гвангъараб, азарго сон свераниги наслабазе нахъе рагIиги, бакъанги, гьаракьги хутIулеб гIумру. Гьесул гIумруялъулги гьунаралъулги камиллъи бачIана хIабургъарал ункъоялда анцIабилезда, рихьана гIемерал чвахххиял ва нилъ роххарал руго гьездаса кочIохъан ва гьунар чIаго гIатIго ворчIиялдаса.

«Дун воххарав вуго квешаб гIуруца,
ГIасияб мехалъ мун хьамун инчIелъул.
ГIакълу бецун балеб харицелалда,
Хирияв мугIрузда мун ватичIелъул.
Зодихъ хIайранаб цIва, гъасда хинаб цIа
Дуе камугеги кидаго даим… - ян хъвана кIудияв Расул ХIамзатовас. Гьелго рагIаби такрар гьарулел руго Синдокъовас сценаялда 40 сон тIубаялъул юбилеялде рачIунел щивав магIарулас.

М. БИСАВГIАЛИЕВ

Поэт жавабчилъиялдаса эркенлъуларо

Жакъа «Миллаталъухъ» гьоболлъухъ йиго машгьурай шагIир Майсарат МухIамадова. Газеталъул гьурмазда Майсаратица хъвараб «Гьаб жо поэмайищ, пародияйищ?» абураб Макъсуд ЗайнулгIабидовасул «Халкъияв поэт» абураб тIехьалда тIаса хъвараб рецензия бахъун хадуб гIемераб хъуй бахъана. Дандерижиял, бахIсал, кагътал гьоркьоса къотIулел гьечIо жакъаги. Аслияб гьужум Майсаратиде букIана Хунзахъ районалдаса. Гьелъие гIиллалъунги ккана макъалаялъулъ шагIиралъ хундерил шагIирзабазул рахъалъ санагIат гьечIел рагIаби аби. Жакъа Майсаратил кIудияб дагIба ва рази гьечIолъи буго «Миллат» газеталде, жинда данде хъварал макъалабазе гIемераб бакI кьолеб бугин. Гьебги хIисабалде босун хIукму ккана жийго Майсаратие рагIиги кьун бахIсазде нуцIа къазе.

— Гьеб кинабго багъарана нужеца, лъица нужеда гьарун букIана гьеб макъала бахъеян, дида «**Миллат**» абураб газета букIинцин лъалароанин бачIинахъего гьужумаздаса байбихьана Майсартица гара – чIвари.

— Дуца тIехьалда бахъизе бегьараб, нижеца газеталда щай гьеб лъезе бегьулареб? Газеталда гьеб къватIибе бачIун хадуй рази – ракиго йикIанагури, щибизе хъвалеб хадуб ракI бухIулеб батани?

— Дир ракI бухIизе жо гIумруялъ гьабичIо дица, хъвараб щибаб рагIиялъул жавабги кьола. Дица Хунзахъ районалда гIурал хъвадарухъабазул букIунин гIамал кIодолъи ва жалго гIадамаздаса тIадегIан рихьи абураб жо хундерил тIолабго халкъалде абулеб жо гуро, гьелъул рахъалъ дица нужер газеталдаса баянги кьун букIана, дуца бахIсазе нуцIа къанин хадурагIиги хъвана. Амма кинго бичIчIичIо тIад буссун ХIосенов МухIамад абурав чиясул цIаралдаса диде рогьрал рараб чIанда щибизе бахъараб? Жавабалъе дица битIараб макъала нужеца бахъичIо, жеги гьей ТIанусиса гIаданалъул жал щибизе кьолел?

— Майсарат, нижеца бокьараб пикруялъе кьола бакI, амма дургун бахIс гьабулев чиясул адаб цIунизе ккола, дуца гьеб гIурхъи биххун бугоан макъалаялъулъ…

— Диде хъвараб кочIолъ биххун гьечIищ гьеб гIурхъи?

— Гьесгун гьабеха бахIс, дуе газеталъулгун бухьенго гьечIел ГIабасил МухIамадги, Фазуги, хундерил поэталги щай?

— Щай гурелъул ГIабасил МухIамадил макраби дида лъалел рукIун лъебергоялдасаги цIикIкIун соназ, гьев гъорлъ жувачIого цониги мухъ гьеб нужер газеталда бачIинчIо. Гьев ХIосенов МухIамад абурав чи дихъе кIалъана, дудаса йокьулей шагIирги гьечIила, гьениб хъвараб цо мухъги жиндир гурилан. Гьел киналго макъалаби ва кучIдул руго ГIабасил МухIамадил рокъор рижарал. Ялъуни нужерго творчество кколеб бугоха гьеб автор гьечIеб кечI.

— Вецце абеха Макъсудица ГIабасил МухIамад, кинаб зарал бугеб гьеб тIехьалъул магIарулазе?

— Гьеб тайпаялъул, учузаб рецц – бакъалъ гIодобегIан гьабулеб буго тIубан миллияб литератураго. Макъсудица хъварал цо-цо тIахьал, гьесие гIарацги кьун тираж тIагIинабуна гIакъилал гIадамаз. ГIабасил МухIамадида щибизе гъоб рецц – бакъ берцин бихьулеб? Дуцаго хIисаб гьабеха гьал мухъазул:

«**Гьаб дунял ГIабасилав,**
Дур мацIалда кIалъала,
Дур гIахьаллъиялъ гьабун,
Буго гьаб бижизеги…».

Кин хъвазе кIолеб гьадинаб жо саламатав бихьинчияс. ГIабасил МухIамадие Аллагьасул сипат гьаби битIунищ рикIкIунеб нужеца? Гьол хIажат гьечIеб щиналъур кьвагьдолел рохьор ругеб халкъалъухъе гьал мухъал щвани, щибдай букIинеб гьов кIигоясул? Гьаб жо буго исламалъул мацIалда ширк, ай Аллагьасул даражаялда цойги чи лъей.

— ГIабасиласда щиб лъалеб Макъсудица хъвалеб жо?

— Кутакалда лъала гьосда, хIатта гьес редакторлъи гьабун батиялдаги божула дун. Щай гурелъул ГIабасил МухIамадида живго Макъсудица абулев гIадав чилъун вихьун.

— ГIабасил МухIамадил поэтлъиялде дагIба бугищ дур?

— Гьел цо рагIабазул дандраял гьарулев вукIунаха гьев, дида гъосул поэзияго лъаларо.

— Гъосул гурони аваразе нахъе хутIулеб даражаялъул драматургия гьечIо, хутIараб малъичIого цохIо Саба Меседо гIела гьев поэтлъун рикIкIине.

— Саба Меседоги, Камалил Баширги, МахIмудги ГIабасил МухIамадил щай рукIунел дида бичIчIуларо. НухIил заманалдаса рахъун, авар халкъалъул кIалзул гьунаразулъ ругел биценазул хIакъалъулъ, щибниги жинцаго ургъичIого хъван буго гьес.

— «Миллат» газеталъул санагIат гьечIел суалазе жавабал кьезе хIадур йигищ мун?

— СанагIат гьечIел суалазе жеги санагIат гьечIел жавабалги кьелаха дица нужее.

— Мун цо заманалда ягъарун йикIана тIад вуссун МухIамадгIали Москваялъ хъулухъалда тани, дуца дудаго цIа лъезе бугин…

— Гьеб буго лахIгIан чIегIераб гьереси, дуда гьеб киб батараб? Гьеб букIана Фазуца Мирзабеков хъулухъалдаса ани жийго юхIилин абурал рагIаби. Дица абичIо гьеб, дун йикIана МухIамадгIалида данде чIун, рагьун хъвазеги хъвалаан, гьав жакъа вугев гьесул васасул президентлъиялъулги дица рахъ кквечIо. МухIамадгIалица чанго хIакимзаби ритIана дихъе лъабго комнатаялъул квартираги кьелин гьеб хъвай – хъвагIай тейин, дица течIо, рукъги босичIо. *(Гьаб бакIалда Майсаратица жакъаги хъулухъалда ругел чанго магIарулазул хъулухъчагIазул цIарал рехсана, цIияб питнаялдаса жийго Майсарат цIуниялъул мурадалда рехсечIого толел руго).* Дун хIукуматалдаса цониги кумек щварай гIадан гуро, кинабго гьабуна дирго кверaз.

— Дуца дудаго цIа лъелин абун бугин дида Расул ХIамзатовас абун букIана.

— Гьесда жиндаго абун букIана дица, цо макрабаз ва мацIаз толарого гIакъуба кьолеб мехалда армяназул парламенталда гьабураб жо гьабизе буго ахирги союзалъеян. *(1999 абилеб соналъул октябралда Армениялъул парламенталда тIаде кIанцIун террористаз спикерги, премьер – министрги чIван вукIана)*

— Щай хIукуматалъ дуе кумек гьабизе кколеб, хъвай дурго тIахьалги, риче. Вехьас гьан бичула, ахихъанас пихъ бичула, амма цониги жиндие квартира кьеян хIукуматалъухъе хьвадулев вехь дида вихьичIо, гьосул хIалтIи нужералдаса нусго нухалъ халкъалъе пайдаябги буго, хъвадарухъабазе щай кьезе кколел гьел рукъзалали бичIчIуларо.

— Дица дирго тIахьал ричула, цогидазул гIадин тIад хIур ккун регарал тIахьалги дир гьечIо, цо тIехьалъухъ анлънусазарого щвана дие. Дица абулеб жо буго киналго хъвадарухъаби хIукуматалъ ращад гьаризе кколин. Цоязе лъаб – лъаб рукъзал кьун, цогидал щибниги гьечIого тезе бегьилищ?

— Дур хъала гIадаб рукъ бугин рагIана ХIапщи?

— ХIапщи гуро Арахкент. Хъалаги гьениб гьечIо, гIадатияб магIарул рукъ буго дицаго проектги гьабун бараб. Дир эбел – инсулги рукIана лъикIал рукъзал, эбелалъе росулъе юссинин кьураб рагIиги ккун, дунго хварабго инсул ракьалда юкъизе гIоло гочана росулъе ва бана мина. Хъулбиги, гьундулги ришватчагIазги, цIогьазги ккун руго жакъа. Рукъги дица бана дир инсул ракь букIараб бакIалда дирго ва ясазул кумекалдалъун. Дица гьел цIализаруна, хIалтIун Москваялда руго, хасало дунги уна гьение. ТIалаб гьабе абеха цогидазги дица гIадин, хIукуматалъе хIелхIедун, гьезда гьардечIого.

— Мунги гIадада чIун рагIуларо, «Аваразул бихьиназ цIар рагIараб Дагъистан» абун тIехьги биччан, рацIцIун имам Шамилил ва ХIажимурадил кьерда цIогьалги, хъачагъалги лъуна дуцаги, гьеб тIехьалъухъ гIезегIан шагьаби щун ругин рагIана.

— Дица къватIул харбазе жавабал кьезе гьечIо, гIарац тIалаб гьабизе хъвараб тIехь букIинчIо гьеб дир, магIарулазде бугеб рокьиялъ тIамуна хъвазе. Цо пикруялда рази йиго, цIакъ гIемерал хIажат гьечIел, гьел дуца абухъеял чагIи ккун ратана гьенир.

— Гьел ратула дуе тIехьалъухъ гIарац кьечIел чагIи…

– Дие гьезул гIарац хIажат гьечIо, хIажат букIарабани чанги ресал рукIана дир гьеб гьабизе. ГьедигIан инжитго щвараб боцIи дие хIажат гьечIо.

— Гьезда рекъелищ мун, живго наиб ХIажимурадидеги бан бугелъул дуца хундерихъе хъвараб кагътида «гIемер лъадахъ ани гIеретI бекулин, гIурусаз къотIана рекъасул бетIер…» абун.

— Хъвазе тIамунха, хундерицаги, гьеле гьел нужецаги. ХIажимурадил гьунараздаги, бахIарчилъиялдаги дагIба лъилниги гьечIо, амма хиянальи букIана гьесул. Цин гIурусазухъа Шамилихъе вачIун, хадув тIад вуссун гIурусахъе ун. Гьеб дица ургъараб тарих гурелъул.

— Дуца тIадехун рехсараб гIадаб тIехь гIурусалъги биччана, жанире Саид Амиров гIадал героялги рачун.

— Гьелдаса тIири нечезе бакI гьечIо дир, Саид Амиров вуго унго – унгояв бихьинчи. Дир гьудулги вуго гьев. Авар мацIалда дица тIадехун рехсараб тIехь биччан бугин рагIидал гьес цо гIадан йитIун ячIана дихъе, жиндихъе ахIун. Гьес абуна бегьуларищин магIарулазулго рахъалъ гIадин киналго миллатазул тIехь гьабизеян. Гьелъ биччанги букIана гIурус мацIалда гьеб тIехь. Амировасул рахъалъ хъварал мухъаздаса дир нечезе бакI гьечIо, гьев вуго бихьинчи.

— Гьесул бихьинлъиялъ гурищха тату хвезабун бугеб МахIачхъалаялъул, дуе гьев бихьинчи Дагъистаналъул бетIерлъун вихьизе бокьилааниш?

— Гьев толаро бетIерлъун гъосул сахлъиялда бан, мустахIикъав гьов лъидасаго вуго.

— Дуе гIарацги кьун батилаха гьос тIехьалъухъ.

— Кьолеб букIана тIоцее дун ячIарабго анцIазарго доллар, дица инкар гьабуна хIалтIи лъугIичIого босиларин. Хадубги дица гъосухъа гIарац босичIо, цо ракьул участок кьуна гъос дие шагьаралда.

— Ракь кьунин Саид Амировги веццун, «ракьул бутIа гьечIел, бокьоб панз гьечIел» гъаримал поэтал щай дуца какулел?

— Я вац, лъица абураб поэт абурав чиясул гIакълуялъулги, бихьинчилъиялъулги рахъалъ жавабчилъи букIине кколарин. Дун поэт вугин абун гIанталщинал жал хъвазе лъица ихтияр кьураб? Поэтал какиялъул масъала дида цебе гьечIо, дица критика гьабуна учузаб рецц - бакъалъул, гIодобегIанаб даражаялъул литератураялъе. Какун ратаниги гьел чагIи поэтал гуро, гьезул ролал хIалел артистал руго. Унго – унгояб поэзиялъул махIцин гьечIо гьениб.

— РачIа гьанже Союзалда сверухъ бугеб къеркьеялде. Мун «Настоящее время», «Республика» газетазде Хъвадарухъабазул Союзалда тIаса гIарзалъ щай арай, тIаде жоялъе бищунго магIарулал рихарав Багьавудин Узунаев, Заур Гъазиевасул къапилаялъухъе?

— Гьез газеталда хъварал ращдал рагIаби дир гуро, гIемерисел гьерсал хъван ругоан. Амма Хъвадарухъабазул Союзалдаса хIалихьатаб бакI дида батичIо. Дун тIоцее гъое ячIарабго лъеберго соналъ цебеги букIана гъоба цо къокъа Расулиеги хIелхIедун, дагьабниги гьунар бугел чагIи нахъе тункулеб. **(Гьаб бакIалда рехсарал цIарал нахъе реххизе кколел руго, цо – цоял чIаго гьечIолъиялда бан. ред).** Жакъаги буго гьебго хIал. Дие хIажатаб бакI гуро гьеб, хIалтIе абе гьенив АхIмадов абадиялъ, дун гъое унаро.

— Мун рекъолеб хъвай – хъвагIайгIаги бугищ литератураялда жакъа, щал дуца рикIкIунел гьунар бугезулъ?

— Гьевго АхIмадов МухIамад гьунар бугев, цIаларав чи вуго. ГIадаллол асарал рокьула, руччабазда гъорлъа Залпа МухIамадрасулова, ГъазимухIамад ГъалбацIовасул буго жиндирго нух. Адалло ункъоялда анцIабилел соназдаго ана Союзалдаса нахъе, Залпагун ГъалбацIов гъоре лъугьинецин лъугьинчIо. Гьенисаго бихьулеб гьечIищ щиб бакI гьеб бугебали?

— Мунго кинаб рахъалъ гьунар бугейлъун рикIкIуней дуца, проза, поэзия, пьесабиги хъван рихьана?

— Дир мадаралльун дица рикIкIуна юморалъул ва сатираялъул поэзия. Драматургияги хъвала дица, авар театралъ лъунги рукIана. ЧIван къотIун гьаб лъикI бугин абизе захIмалъула, гьеб буго рекIел хIалалда, дунял бихьи ва бичIчIиялда бараб жо.

(Гара-чIвари кьолеб буго къокъ гьабун, гIатIидго цIализе бегьула millat.ru сайталда)

Гьаб бакIалда Майсаратилгун къо – мех лъикIги гьабун, нилъеца щулаго нуцIа къалеб буго чанго моцIица халат бахъараб ва гIемерисезе чIамучIлъараб бахIсалде. Ккарал гъалатIал ратани, яги цIалулел нужеда мекъса бичIчIун батани, нижер гъалатI бихьичIеб ххвел гьабе, гьоркьоб биччан те. Гьелдаго релълъараб пикру Майсаратицаги такрар гьабуна ахиралда. КинабгIаги ракIхвей ГIабасил МухIамадидасаги гьечIин абуна ахиралда. Чанго сагIаталъул бахIсалгун дагIбаяздаса хадуб Майсаратицагун «Миллаталъги» ракълилаб ва цоцада тIаде гьужум гьабунгутIиялъул къотIи хъвана. Совет Союзалъулгун Гитлерил гIадаб батугегиян дугIаги гьабуна. Ва салам.

Марина
АХIМАДОВА

Щай Дагъистаналда ххамил кесекалъухъ чIвалел?

Дагъистаналъул жамагIат къо бахъанагIан бикьулеб буго кIиго бутIаялде: шаргIиялде ва пачалихъалда нахъбилълъаралде. Цоязе бокьун буго эркенал ва цивилизациялъул шартIазда гIумру гьабизе, кIиабилез тIалаб гьабулеб буго гIицIго Аллагьасул нух – шаригIат. ТIаде балагьун бегьулареб жо щибниги гьениб гьечIо, квеш ккараб жо буго кIиябго рахъ щибиб къоялъ цоцаде кьвагьдолел рукIин. Кьвагьиял, чIвай – хъвей, хасал операциял, гIадамал рикъи, гIакъубаби кьей – гьединаб буго Дагъистаналдаса рачIунел цIиял харбазул сурат. Дица цIех – рех гьабуна цо – цо такъсиразул, масала Советское абураб росулъ халлъана граждан рагъул ахIвал – хIал гIуцIулел къагIидаби.

— Ниж роххун руго мун тIадюссиналдаса, – ян абулеб букIана чIегIераб хиджаб ретIарай ясалъ. Гьелъул пашманалъигун жубараб гьимиялъуль халлъулеб буго роххел. Гьедин дандчIвай гьабула Дагъистаналда гIемераб заманаялъ рилун рукIарал гIагарал чагIигун дандчIвалаго. МахIачхъалаялда исламалъул ретIел бичулеб тукада цееса унеи дида хадуб шуршуди рагIулеб буго. ТIад ясазул ретIел ретIарал кьалибазда (манекен) буго гвангъараб гIурччинаб кьералъул хиджаб, цогидалда гIубилаб кьералъул моцI тIад бахъараб, лъабабилеб – бецIаб кьералъул тIад цIва бугеб.

— РетIел тIад рекъолищали – ян хIеренго абулеб буго йичарухъаналъ. – дуда рекъон ккелаян рази гьаюлей йиго хиджаб ретIине, дун нахъе ана гьениса.

— КватIичIого ячIина мун гьаб босизе, гьедин уна, хадур тIад руссуна - ян абуна йичарухъаналъ. Тукадаса къватIие яхъарабго дица байбихьана рикьизе гIадамал, хиджабазда хадур тIад руссаразде ва руссинчIезде. Иргадулаз магжиласухъ ялагьун йикIаго дида ватIа вахъизе лъана журналист ва Россиялъул ЖамгIияб Палатаялъул член **Максим Шевченко.**

— Дагъогниялда чIужугIадан чIван йиго, анльго лъимал рукIана кьвагьа – гIанхъиялъул цIадуда гьорк, дуе бокьун бугищ гьение йилълъине – ян гьикъана Максимица.

Дагъогни – югалъулаб рахъалда бугеб гьитIинабго шагьар, дагьаб цебегIанги вагьабизмаялъул рахъ ккурал чагIи жанир рукIинчIеб.

Цо рукъалъул азбаралде яккун ячIана хиджаб ретIарай чIужугIадан.

— Мун рокъой йикIанищ лъималгун гьаниб операция бугеб мехалда? – ян гьикъана Шевченкоца.

— Дун кьижун йикIана – ян ургъелго гьечIого жаваб кьуна чIужугIаданалъ.

— Кинаб рахъалдаса кьвагьулеб букIараб?

— РакIалда гьечIо, гIемераб хъуй букIана – ян цогидаб рахъалде юссана чIужугIадан, ахIтIолаго лъимал рачIун рукIана азбаралде, хадуб цо чIужугIаданалъул гьаркьал рахъана. КIигояй йикIана, цояй чIвана, цогидай лъукъана. Нижеца гьей рокъой жание йосарабго рагIана вац чIван вугин.

— Дур вацищ чIварав? – ин гьикъана дица.

— Дир вац чIвана – ян абуна гьелъ нижехъги ялагьун.

— Дуда вихьанищ – ин гьикъана Шевченкоца.

— ВихьичIо…

— Гьел киналго чIвана! ЧIванаян ахIдолаго нижер горулъе кIанцIун ячIана тIад хиджаб гьечIей яс. Гьезухъ ярагъ букIинчIо, дир яц росасе квенги босун ячIун йикIана, гьесие ун хадуб лъана гьолда гьев рохьов вукIин. Лъабго моцI бараб лъимер букIана гьелъул кодоб, бащдаб лъагIалида жанив цо нухалъ вихьулаан гьолда рос.

— Гьелда лъалеб букIинчIищ террористазе квен кьеялъ тамихIалде цIалин Медведевас …

— Хвезе бокьун букIинчIо гьельие, милициялъулаз юхун, чехьалда жо кьабулин, лъимер хвезабилин хIинкъун ун йикIинчIо гьей гьезухъе - ян ахIдезе лъугьана нахъойги. Гьелъ щибниги гьабун букIинчIо росасе квен кьей гуреб, жидее гIарац щвезе чIвана…

— Гьел чагIаца хIадур гьабулеб букIана терракти абуна тIаде вачIарав ворхатав бихьинчияс. БакIалъул РОВДялъул начальник вугоан гьев.

— Щайха гьеб тIубараб лъагIелалъ гьабичIеб, гьанжелъагIан дагьалищ дуда гьел рихьарал, Аллагьас дуралгоги ккайги рохьоре, гьеб мехалда лъала дудаян хьандезе ва гIодизе жуяна гьей яс.

Азбаралдаса рахъун, чIварай чIужугIаданалда аскIоре рагъарана гIадамал. Би жеги бакъван гьечIоан, хиджаб гьороца цогидаб рахъалде чIвазабун бугоан. Эбел хурхулей йиго жаназаялда тIад, милициялъулаз нахъе ячуней йиго. Жаназаялда аскIоб гIодоб рехун рихьула лъималазул носкаби ва памперс.

!
Азбаралдаса рахъун, чIварай чIужугIаданалда аскIоре рагъарана гIадамал. Би жеги бакъван гьечIоан, хиджаб гьороца цогидаб рахъалде чIвазабун бугоан. Эбел хурхулей йиго жаназаялда тIад, милициялъулаз нахъе ячуней йиго. Жаназаялда аскIоб гIодоб рехун рихьула лъималазул носкаби ва памперс.

— Щай нужеца гьел чIвалел ругел, цIех-рехалъе кверде росичIого – ян гьикъана РОВДялъул начальникасда.

— Кверде роси ва жанир тIами буго цIех – рехалъулазул ва хасал гIуцIабазул хIалтIи, дун пачалихъалъе хIалтIулев вуго, гьоз ниж чIвалел руго. Гьолда тIад шагьидалъул рачел букIана.

«Room» абураб кафеялда ялагьун чIун йикIана цее йикIарай **«Черновик»** газеталъул бетIерай редактор **Надира ГIисаева** ячIиналъухъ. Кафеялда гьекъолеб жогун музыка гьечIо, вай – фай интернет буго, квен кьолел ясал киналго руго хиджабазулъ. Надира ячIана чIегIераб хиджабалъулъ ва пашманго.

— Дида кколеб Дагъистан унтун бугин, гьеб унтул аслияб гIаламатги бугин инсанасул гIумруялъул багьаго гьечIолъи – ян байбихьана дица.

— Буго гьединаб ахIвал хIал – ин разилъана Надира. – Нижер гьанир хасал операциял ва гIадамал чIваялъул къадар цIикIкIуна къуваталъул ведомствоялде иргадулав цIияв чи вачIарабго. ЦIияв чи вачIараб сагIат рохьоре унезул къадарги гIемерлъула - ян абуна Надираца. Ва тIаде жубана, риларал гIадамазул жаназаби ратулел руго рекарал кверал, бохдулгун, рахъарал малъалгун ва бералгун. Школазул директорал лъугьун руго «**Шестой отделалъул»** гIадамаллъун. Лъица хъаравуллъи гьабулеб ЕГЭялда хадуб? УБЭПалъул хIалтIухъабаз. Директорал тIамулел руго хиджабал ретIарал ясазул сияхIал кьезе органазухъе. Шамхалалда директор лъугьана школалъул уставалда рекъон хиджабгун къеркьезе ва жиндирго рокъой чIвана. Дида ккола гьей чIваялъулъ гIайибияб лъайкьеялъул министерство бугин. Ричун росулел ЕГЭязулги, гIодобегIанаб даражаялъул лъаялъулги масъала гьечIо министерствоялда цебе, аслияб рагъ буго хиджабалъулгунин пашманго гьимана Надира.

— Дуца щай хиджаб ретIунеб?

— Гьеб, суал кьолезда бичIчIуларо, бичIчIулез гьединаб суал кьоларо… Дагъистаниязда жал Россиялъул гражданаллъун рихьулел гьечIо, Россиялъ танкаца гьезул минаби щущахъ рихизарулебгIан мехалъ. Гьединаб Россия нижее хIажатги гьечIо, Россия пачалихъалъун букIарабани гьелъ яргъидалъун кквезе ккелароан гIорхъабазда ругел халкъал, гьел жалгоги инароан Россиялдаса нахъе.

Дица нужее лъугьа-бахъиназул бицана ахиралдаса байбихьун. ТIоцере школалдаса рузманалде унел лъимал риччачIого ва ясаздаса хиджаб бахъи тIалаб гьабуна Советское росдал школалъул директорас. Гьесулгун росулъ ругел салафитазул бербалагьи бугезул гьоркьорлъаби хвана. Чанго къоялдаса камуфляжалъул форма ретIарал чагIаз рузманалда бугеб къалкъалда тIаде кIанцIун рухана гIадамал, гIемерал гIолохъаби полициялъулаз рачун ана. Гьенир мугжул къунцIун, ботIрол рас къунцIун кьабикI гьаруна гIадамал. Чанго къоялдаса чIвана школалъул директор. Гьел лъугьа-бахъиназе ахир лъуна Дагъогниялда гьабураб хасаб операциялда гIадамал чIваялъ. Гьеб буго нильеда тIасан балагьун бихьулеб рахъ. Пардавалда нахъа хутIулел руго цIвабигун чиналги, кIудияб гIарацги. Дагъистаналде вачIарав министр Р.НургIалиевас тIалаб гьаруна хасаб операциялда рукIаразул сияхI, иргадулал шапакъатазе. Хадуселлъун лъугьине бегьула гьадинал рахъал – руххарал гIолохъаби рохьоре ин, Советское росдал имам вагьабияв хIисабалда чIвай ва иргадулаб гIарац ва шапакъатал. Гьел лъугьа-бахъиназулъ аслияб суал гьезул щал ритIун ругел абураб гуро бугеб жакъа. Аслияб суал буго гIадамазе цоцаца чIваялдаса пайда букIин. Цоязе - гIарац, кIиабилезе – алжан. Дагъистаниязул пикруялда гьеб драмаялъул режиссерлъун буго Россия. Полициягун салафиталги, салафиталгун динияб идараги, хиджаб ретIарал ретIичIелгун рагъулел ругебгIан мехалъ Россиялда революция ва власталье хIинкъи букIине гьечIо.

◆ Ума ИсхIакъова
Радио «Эркенлъи», Прага
www.radioerkenli.com

МИЛЛИЯЛ СУАЛАЛ

Халкъияб цолъиялъул къо ва миллатчагIазул гьужумал

ЖамгIияб пикру лъазабиялда сверун тIолго Россиялъул централъул, ай ВЦИОМалъул баяназда рекъон 4 ноябрь щиб байрамали улкаялъул бащдабгIан халкъалда лъалеб гьечIо. Амма цIар лъангутIиялъ аза-азар чиясе квал-квал гьабичIо 4 ноябралда «ГIурусазул маршалде» Россиялъул батIи-батIиял шагьаразде рахъине. «ГIурусал церехун!», «Москва гIурусазе!», «ГIела Кавказ кваназабураб!», «ЧIахъаги Россия!» -ва гьел гурел цоги ахIиялгун унел рукIана аслияб къагIидаялда гIолилал. Щибха кколеб бугеб халкъазда гьоркьоб? ХIакъикъаталдаги гьедигIан кIудияб рокьукълъийищ гьезул бугеб Кавказалъулаздехун яги рищиязул кампаниялъул гIаламатищ гьеб? «ГIурусазул маршалда» гIахьаллъарал чагIазул къадар дагьабго цIикIкIун буго цересел соназде данде ккун.



Р. ГIабдулатIипов

ХI. МахIачев

Ю. Евкуров

Лъабго соналъ цебе гьеб байрамалда цIар лъаларел чагIазул къадар 51 процент букIун батани, исана гьединазул къадар 43 проценталде рещтIун буго. Гьеб байрамалъул унго-унгоги битIараб цIар - Халкъ цолъиялъул къо букIин лъалезул къадар 9 ялдаса 11 проценталде бахун буго. ГIемерисез гьелда абулеб буго – цолъиялъул къойин. 8 проценталъ рикIкIунеб буго 4 ноябралда Россиялъ улка лъидаго бачIеб букIиналъул къо кIодо гьабулин, 2 проценталъ – гьеб Конституциялъул къо бугин, 1 проценталъ абун буго – гьеб Октябралъул инкъилабалъул къо бугин. Руго гьеб рекъелалъул, халкъал цолъизариялъул, Польшаялъул интервенциялдаса эркен гьабиялъул, Россия цолъизабиялъул, 90 соналда букIараб путчалъул къо бугин рикIкIунезул гьитIи-гьитIинал проценталги.

ВЦИОМалъ гьеб гьикъа-бакъи гьабун букIана октябралъул ахирисел къоязда 46 мухъалъул 138 росугун - шагьаралда гIумру гьабулев 1600 чиясда гьоркьоб.

Гьеб байрамалъул магIнаги цIарги лъалареб бугониги, гьеб кIодо гьабизе бугин абун букIун буго щибав лъабабилев чияс.

4 ноябралда абуни Россиялъул анцI-анцI шагьаралъул къватIахъе вахъун вукIана нус-нус чи «ГIурусазул маршалде». Гьезул игIланазда гьоркьор рукIана **«Россия гIурусазе тIадбуссинабила!»**,**«ЧIахъаги Россия!»**, **«ЧIахъаги нилъер умумул!»** **«Нижеца Россия тархъан гьабила!»** абурал гIадал ва **«Единая Россия цIогьазул партия!»** **«ЦIогьазул партия яризабе!»** абуралги игIланал.

Маршалда унел гIемерисез жидерго гьурмал рахчун рукIана.

Цо баяназда рекъон гьеб марш байбихьилалде цебе гIурус миллатчагIазда гьоркьоб рикьи лъугьун букIун буго. Цояз рикIкIунеб букIанин «ГIела Кавказ кваназабураб!» абураб игIлан борхизе ккодин цоял, «Кавказ гьечIеб Россия бакьан гуро!» абураб ахIи гьабизе кколин цогиял чIун рукIанин. Левада Центаралдаса Лев Гудковасул пикруялда халкъалъ гьел кIиязулго рахъ кколеб буго. Гьес абуна халкъалъ гIайиб гьабизе ва жидерго кинабго талихIкъоси тIаде рехизе чагIи ралагьулел ругин. Политикалда цадахъго рагьун проблемаби дандразе букIараб ресги тIагIиндал халкъалъ гIодосан рорхизе байбихьулеб бугин цо хасав тушман валагьи цIигьабизе.

Гьединабго пикру загьир гьабун букIана Балахьуни росулъа МухIамадов Расулицаги. Гьев вуго араб соналда Москваялъул метроялда кьвагьи гьабуразул цояй Шарипова Марьямил эмен. Гьесул пикурялда Кремлиялъе гьединал ишал данде кколел руго, щайгурелъул Кремлиялъ терроризмалъул хIинкъи жиндирго къуват щулалъизабизе хIалтIизабулеб букIун:

«Жакъа Россиялъе Шималияб Кавказ буго улкаялда бугебщинаб квешлъи-чороклъи чIехьезе бегьулеб бакIлъун. Россиялда кколеб бугебщинаб квешлъиялъул гIайиб гьабизе бегьулеб буго кавказалъулазда гьанже. Гьез гIададатаб гIурус халкъалда цебе гьедин ритIухъ гьабулеб буго жидерго икъбал щвечIеб политика. ГIемерисеб нухалда гьеб киналъего квербакъулеб буго гьанир Кремлиялъ тарал чагIазги …»

Москваялда ункъго соналъ хIалтIулев вукIарав Шогенов Аскерица гьанже гIумру гьабулеб буго Кабардино-Балкариялда. Гьес абуна жив лъица вукIани кив вукIаниги кваназавулев вукIинчин. Жив хIалтIулев вукIанин, жиндирго хIалтIухъ щвараб жинца кваналебги букIанин абун:

«Москваялда «ГIела Кавказ кваназабураб» абурал игIланаздалъун гьабулеб буго провокация. Дица рикIкIуна гьедин ахIиялъе гIилла гьечIин. Дица гIумру гьабулеб букIана Москваялда, дун лъицаго кваназавулевги вукIинчIо. Доваги гьанивги дун хIалтIулев вуго ва дирго гIумру-яшавалъе гIарац дирго гъиналдалъун балагьулеб буго. Провокациял гьарун миллатчилъиялде, цоцаздехун рокьукълъи загьир гьабиялде ахIулел руго гIадамал. Батила гьелъул цо лъие букIаниги хIажалъи. Дун ВатIаналде тIад вуссана. Гьанивги дун яги дир сверухълъиялда ругел чагIи лъицаго кваназарулел гьечIо. Жидерго гъиналда рекъараб гIумру гьабулел руго гIадамал. Москваялде аралги - гьединго. Россиялъ ниж кваназарулел гьечIо. Лъицаго щибго чIобого кьолеб гьечIо».

Ингушетиялъул нухмалъулев Юнус-Бек Евкуровас кьураб интервьюялда абуна Россиялъул цо-цо жамгIиял хIаракатчагIаз хIаракат бахъулеб бугин кавказалъулаздехун рокьукълъи бижизабизе, гьез такъсирчилъи миллаталда базабулеб бугин.

«Дица абила гIун бачIунеб гIелалда хадуб цIакъ лъикIаб хъаравуллъи гьабулеб бугин нижецайин. Амма гьелгун дандчIваял тIоритIараб мехалда гьез абула дида жал гьаб хIалалде ккезарун ругин. Россиялъул шагьаразда къотIносан унаго бакIалъул гIолилал ракIарараб бакIал сверун рикIкIадасан ине кколин жал, гьезухъа хIинкъун гуреб, къваригIел гьечIеб жо гьениб ккеларедухъ. Гьез абулин къваригIел гьечIел жал, жал рагъизе лъугьунин ва ахирги гIайиб бугеллъунги жал кколин. Жакъа ниж, хасго кавказалъул гIолилал лъун ругеб ракурсалда рекъон, гьез щиб гьабуниги хъващтIан гьел жанир лъолел руго. Гьезде данде митингал гьарулел руго. Бегьуларо иш гьедин гIуцIизе».

Такъсирчиясул я миллат, я росу-ракь, я дин букIунарин. Гьесие тамихIги жинца гьабураб такъсиралда рекъараб букIине кколин рикIкIунеб буго Росиялъул президентасда цеве дагъистаналъул вакил МахIачев ХIажица.

«ГьечIо этникияб такъсирчилъи абураб жо. Руго къануналда ругел цIогьал, руго такъсирчагIи, я миллат, я росу-ракь, я тухум, я дин гьечIел. Гьеле гьел руго такъсирчагIи. Ахираб заманалда чIечIого бицунеб буго этникияб такъсирчилъиялъул. Щиб гIурусаз такъсиргойищ гьабулареб?»

Киналго гIурусал гурел чагIаз цIунулел руго гIурусазул мурадал. Крылов, Демушкин, Белов абулел гьел чагIазул тухум - кьибил цIехани - гьел гIурусал гьечIолъиялда ракI чIола дир. ГIурусазул мурадал цIунизе рахъуна. Гьеб жо бичIчIуларо дида. Гьеб тайпаялъ цоцазде гьусулел руго гIадамал. Гьеб буго хIинкъи цIикIкIараб хIайин абуна ХIажи МахIачевас.

«Дун гIадав интернационалияв чиясулги гьавулев вуго нужеца миллатчи. Жакъа дица халкъ бакIаризе кколеб бугоха гIурусал гурезул марш тIобитIизе. ЛъалелкIолел чагIазде абизе кколеб бугоха дица гIурусазул гуреб марш гьабизе халкъ бакIаризе рачIаян. Нижецаги рорхила гIурус миллатачагIазулго гIадал игIланалги - яризабе диктатура, ракь рекьарухъабазе, фабрикаби хIалтIухъабазе абун. РачIаха цинги цере ратаралги рухулаго ине. Цинги щиб ккезе бугеб? Цо маршалда хадуб цогияб марш гьабулелищ рукIинел? Гьелъул гуреб жакъа пикру гьабизе кколеб. Жакъа гьабизе ккола халкъ цолъизабиялъул халкъазул гьудуллъи цIуниялъул ургъел».

Машгьурав жамгIияв ва политикияв хIаракатчи, федерализмалъул ва миллиял гьоркьорлъабазул гIалимчи Рамазан ГIабдулатIиповасул пикруялда миллатчилъиялъул суалалъулъ тIоцебесеб иргаялда хIажат буго тIалъиялъул ва халкъалъул диалог.

«Пачалихъ буго цогояб гIаммаб организм, пачалихъалъул тIалъи кодосел чагIазда бичIчIизе ккола жидерго берги, гIинги, кверги щвечIого хутIанщинаб бакI улкаялъул тушбабазда гъорлъе унеблъи. Гьеб рахъалъ хIукуматалъул гIей гьечIеб ва тIаса масагояб бербалагьи миллиял суалазде букIиналъул дандерижи буго нилъеда рагIулеб Манежалъул майданалдасаги, «ГIурус маршаздасаги», Шималияб Кавказалда рахъулел кьвагьиязульги. Миллиял суалал лъалел иш гьабизе толел гьечIо, лъаларез квалквал гьабулеб буго. ХIажат буго цIигьабизе хьизамалъулаб тарбия, щивав инсуда лъазе ккола вас кинаб нухда унев вугевали. ГIурусаз абула «кого ты воспитаешь, тот и встретит тебя у подъезда» абун. МагIарулаз абула, гIалимги, гIакъилги устарлъун, рухIияв цевехъанлъун вищичIев чиясул устарлъун шайтIан лъугьунин. Гьеб кинабго нилъеда якъинго бихьула миллиял гьоркьорлъабазул рахъалъ улкаялда лъугьун бугеб хIалалъухъ ралагьарабго» - ян абуна Рамазаница

ГIурусазул марш гIуцIулезул цояв, Руссовет абулеб идараялъул жавабияв секретарь Юрий Горскияс абулеб буго гIурусавлъун вижарав чи жив гIурусав вугин абизе хIинкъунгутIи бугин жидер маршазул мурадазул цоябин.

«Нужеда бичIчIа-гIурусазул багъабачари цо ккураб гьечIо. Гьелъул буго социалияб демократазул гIаркьелги, национал–патриотазул гIаркьелги. Гьезул бербалагьиял дагьалги батIи-батIиял руго. Нижеца марши гьабулеб буго гьеб кинабго гIадахъ босун. Нижер игIланазул цояб буго «БукIине гьечIо Кавказ гьечIеб Россия!» абураб. Индентификациялъул суал нижеца борхиялъул магIна буго нижер халкъ цоги кинаб букIаниги халкъалдаса гIодобегIан гьабизе кколарин абураб. Нижеца абулеб буго гIурус менталитет къанунияб легалияб даражаялде тIадбуссинабизе ккун бугин. Гьебги гIурусаллъун рижарал гIадамал жал гIурусал ругин абизе хIинкъунгутIизе. Гьеле гьелъул буго бицен.»

такъсир ва тамихІ

◆ Ашахан ЮСУПОВ

Садакъадуй бикьулеб пенсиялъ туснахъалде вачана

Хасавюрт районалъул ЦІиябсасикь росдал бегавуллъун вукІарав АхІмаднабиев СайгидахІмадие судалъ туснахъалъул лъабго сон къотІун буго. Гьесда тІад гІайиб чІезабун буго росдал гІадамазул пенсиялъул цо миллионалдасаги цІикІкІун гъурущ гьес жиндирго хасал мурадазе гІоло хІалтІизабунин абун.

Гьеб ишалъулъ гьесда цадахъ гІахьаллъиялъул гІайиб чІезабуна Хасавюрталъул пенсиялъул отделениялъул хІалтІухъаби М. ХІажиясуловасда, А Туручиловасда, П. ГІабасовалда Т. ГІабдулаевалда тІадги. Гьел ункъаздаго тІад гІакІа къотІана, гьединго эркен гьаруна хъулухъаздаса. ТІадежоялъе хадурккунги Пенсиялъул идараялъул хъулухъазда хІалтІизе ихтияралдасаги махІрумлъун рагІула гьел.

Амма судалъ АхІмаднабиевасе гьабураб хІукмуялдаса рази гьечІолъи загьир гьабуна гьал къоязда гьесул адвокат Гумар СагІидмухІамадовас. Гьес абулеб буго тамихІ гьабулаго судалъ хІисабалде босизе кколаанила 57 сон барав СайгидахІмадил жеги рукъалде вуссинчІев вас вукІин ва кІиабилеб группаялъул инвалид гьев жиго вукІинги. ХІакълъунго сакъатлъи букІиналдалъун биччараб тохлъиялъул хІасил кколила гьесде гІунтІизабулеб гІайибгиян абуна гьес (АхІмаднабиевасда рагІи рагІунгутІиялъул гІунгутІи рагІула).

Гьеб хІужа жеги 2005 соналдаго ккун букІанилан бицана СагІидмухІамадовас «Миллаталъе». Доб мехалъ ЦІиябсасикь росдал бегавуллъун вукІарав СайгидахІмад АхІмаднабиевасги тІадехун рехсарал пенсиялъул идараялъул хІалтІухъабазги хІукму гьабун буго пенсиялъе биччараб гІарац документалги хисизарун цогидал гІадамазе бихьизабизе. Гьелги рукІанила ЦІиябсасикь росулъ гІумру гьабун ругел ресукъал, гьединго росги гьечІого гІемер лъимал хьихьарал улбузул хъизанал. Гьедин рахІмуялъул кумек гьаби букІанила гьелъул мурад.

Судалъ гІунтІизабулеб гІайибалда рекъон, гьеб цо миллионалдасаги цІикІкІараб гІарац букІанилан абулеб буго гьеб бакІалда гъоркьоб. Амма хІакъикъаталдайин абуни гьелъул гІаммаб къадар 867 азаралда хадур цодагьал гъурщалги рукІанилан бицана АхІмаднабиевасул адвокатас. Хасавюрт районалъул судалъ киса гьеб тарих босарабали лъаларила. Гьеб кколила прокурорасул ва цІех-рехалъул хІалтІухъабазул хІалихьалъиги къадарлъиги.

Кин букІаниги, СайгидахІмад хІадур вугила гьеб гІарац нахъбуссинабизе. Гьесул васаз цебего бакІарун, гьабсагІатги гьезухъ кодоб рагІула гьеб.

Адвокатасул рагІабазда рекъон, гьеб такъсиралъулъ АхІмаднабиевасда цадахъ пенсиялъул отделениялъул хІалтІухъабиги гІахьаллъаниги, гьезул кинабго гІайибги гьес жиндаго тІаде босун буго. Гьебги хІисабалде босун судалъ хІукму гьедигІанго къвакІизабиларилан ккун букІанин жидедаян абуна гьес.

Гумар СагІидмухІамадовас абулеб буго АхІмаднабиевасе тамихІ гьабунила уголовниябкодексалъул 159 статьяялда рекъон, гьенибин абуни бихьизабун бугила тамихІ гьабулесда тІад гІакІа къотІи, ялъуни шартІ хІисабалда эркенлъиялдаса махІрум гьавуравлъун рикІкІин. Амма судалъ гьебги хІисабалде босичІого бищунго цІикІкІараб болжал бихьизабиялда бугила жиндир ццин бахъун.

Лъаларо, гьеб бакІалда лъиде гІайиб гьабилеб, щив витІарав вугилан абилебали. Цо рахъалъ, тІубараб росдаего бихьизабураб гІарац, кигІан гьелъие мустІахІикъал рукІаниги, цо хасал чагІазе рахІмуялъулаб кумек хІисабалде кьун букІаниги, бегьулареб иш гурилан гьелдаги кинха разилъилев? ХІукуматалъ кьураб пенсиялда бадире ралагьарал харабазе бачІунеб гІарцуда тІад хвежаинлъи гьабизе ихтиярги лъицаниги кьоларо

Амма жинцаго гьабураб тохаб ишалдасаги рекІекълъун, тІадежоялъе гьабураб заралги бецІизе хІадур вугев АхІмаднабиевасеги судалъ тамихІ бигьа гьабизеги бегьилаан букІараб. БегьилаанинабунгьезулхІалтІуе къимат кьезе юристасул лъай бугев чи гуро дун, амма гьелъие цІаларав Гумар СагІидмухІамадовас гІурал хІужаби рехсолел руго Хасавюрт районалъ жидерго хІукму батІайиса гьабизе букІараб ресалъул. Бахчун щиб гьабилеб цогидал хІукматалъул идарабиго гІадинги закон цІунулел хІалтІухъабазеги баркалаялъе мустІахІикъаб къагІидаялъ хІалтІулел гьечІо гурищ жакъа? АхІмаднабиевас бецІизехъин бугеб миллион гъурущ диван къотІулесе жиндиего кьун букІарабани, щакълъи гьечІого, ургъел гьабуге дуца тІокІаб, хутІараб дица тІубалилан, бохарав гьудул гІадин нухарегІилаан гьес СайгидахІмад.

Цоялдаса цоял вахІшиял такъсир гьабурал рохьилалин цояз абун, жалго жидецагоян цогидаз абун, хІакъикъиял такъсирчагІи диваналда цебе жаваб кьезе щолел гьечІо. КъуватаІъул идарабазул хІалтІухъабийин абуни жидеца хъулухъ намус бацІцІадго тІубазабулеб куцалъул бицине хьахІилаб экраналъусан хьирмал хъуризе нечоларо.

Нилъер республикаялда лъугьунебщиналъул рехсезе лъугьани, газеталъул хутІарал номерал цохІо гьеб темаялде руссинаризе бегьилаан, гьелъ кІудияб пайда кьелин ккоаро бицине хабар батІиябги бугелъул, гьанже БетІергьанас лъикІаб хьван батаги…

P.S. Хасавюрт районалъул судалъ гьабураб хІукмуялда тІасан АхІмаднабиевасул адвокатас гІарза битІун буго республикаялъул Верховный судалде. Гьаб моцІрол ахиралдагІаги гьелъухъ халги гьабун, хІукму хисизабилин гьезилан хьул буго гьесул.

митинг

◆ Закир МУХІАМАДОВ

Экономикаялъул министрасда данде яхъарай пенсионерка

МахІачхъалаялда тІоритІула чанги митингал ва пикетал, амма цохІо чи гІахьаллъараб пикет къанагІат гурони букІунаро.

Гьединаб пикет гьабуна гьал къоязда Семендуева Клавдиялъ. ВатІанияб рагъул ветеран Семендуева Клавдия республикаялъул нухмалъулесухъе плакаталда хъвараб гІарзаги кодоб ккун гІодой чІана Дагъистаналъул хІукуматалъул минаялда цее.

Гьелъ МухІамадов МухІамадсаламида гьарулеб букІана Дагъистаналъул экономикаялъул министр Марат Илясовас хвезарулел ругел жиндир ихтиярал цІунеян. Гьелъул гьитІинабго минаялда аскІоб цузабун гІемертІалаяб бизнес-комплекс балеб рагІула гьес. Гьелъ минаялъе зарал ккун буго, мисалалъе, къадал кьватІулел, рокъоб жаниб кутакалда регьел кколеб буго.

Исана маялда Дагъистаналде вачІиндал РФялъул президентасул администрациялъул нухмалъулесул заместитель Сурков Владиславгунги данд чІвана Семендуева. Гьелъ гьарулеб букІана Сурковасда жиндир рокъоб ремонт гьабизе квербакъеян. Гьединго гьелъ бицана минаялда аскІоб балеб букІараб бизнес-комплексалъулги.

Гьеб мехалда Сурковас жиндир рахъ ккунилан бицана Семендуеваль «Миллаталъе»:

«Дица Сурковасда рихьизаруна суратал, гьес абуна гьеб бизнес-комплекс законалда рекъон балеб гьечІин дир минаялда аскІоб. Гьес Дагъистаналъул нухмалъулесда абуна дир суал хІисабалде босеян. Рокъоб ремонт гурони гьабун гьечІо, амма жибго мина метер-сезе биххизе рес буго. Гьелда тІасан гьабулеб судалде вачІарав Илясов вачІана нижеда аскІове ракълилаб къотІи гьабеян. Амма ниж разилъичІо. Нижее ккараб рухІияб заралалъул бащалъиги кьезе бугин абуна гьес, амма жиндирабго ккун чІезе вугилан тІадеги жубана».

Семендуевалъул суал тІубаян Сурковас кьураб буюрухъалдаса хадуб МахІачхъалаялъул администрациялъ цохІо ремонт гьабуна гьелъул рокъоб.

Семендуевалъул рагІабазда рекъон, гьабураб ремонталъул лъалкІцин хутІун гьечІо, аскІоб балеб бизнес-комплекс сабаблъун. Гьелъул рокъобе чанцІулго лъим кІанцІун буго.

Плакатги кодоб ккун Дагъистаналъул хІукуматалъул минаялда цебе Семендуевалъ кІиго сагІат бана. Гьелда аскІоре журналистал рачІиндал гурони ХъахІаб рокъоса кьватІиве чи вачІинчІо.

Семендуеваги гьелъул ясги рачана жанире. Гьелгун дандчІвана Дагъистаналъул нухмалъулесул администрациялъул бетІер Идрисов ХІасан ва вице-премьер Шихсаидов Мурад. Семендуевалъ абуна гьезда жинца прокуратураялде гІарза хъвазе бугин.

Шихсаидовасги Идрисовасги гьелъие рагІиги кьуна гьеб лъугьа-бахъиналда сверун цІех-рех законалда рекъон гьабизе бугин.

Законалда дандекколаредухъ минаби раялъул хІужжаби гІемерлъулел руго МахІачхъалаялда. Гьезда гьоркьоб бищун ахІи-хІур бахъана гІурус хабалазда цузабун гІемертІалаяб мина баялъул. Гьелда тІасан хъвараб гІарзаялъул хал гьаби цІакъго халат бахъинабулеб буго МахІачхъалаялъул Кировский судалъ.

МахІачхъала бакьулъ бугеб гІурусазулин абулеб хабзалалъ насранияв гурелги, жугьутІалги руго рукъун, руго гьединго КІудияб ВатІанияб рагъда гІахьаллъаралги.

Гьениб мина базе рес кьолеб хасаб изну щун гьечІин жеги гІемертІалаяб мина балеб компаниялъеян лъазабун букІана прокуратураялъ судалда. Гьеб компаниялъул вакил Хархаров Шамилица абуна документал ракІарулаго гІемер мех банин, гьелдалъун изну щвезеги ватІанилан.

Изнуги гьечІого мина базе щай жураралилан гьикьана гьесда прокуратураялъул хІалтІухъан ХІажимурадова Мадинаца.

ТІадежоялъе хабзалазда цузабун гьеб базе щайин нуж лъугьарал изнуги гьечІогоян тІадеги жубана гьелъ.

Хархаров Шамилица жаваб кьуна гьенир рукъзал росаразул кинабгІаги дагІба гьечІин гьеб мина хабзалазда аскІоб букІиналдаян.

Прокурор ХІажимурадова Мадинаца журналистазе бицана жинда кколеб бугин судияс гІайиб гІунтІизабулезул рахъ кколеб бугилан. Гьелъул рагІабазда рекъон, судияс абун буго МахІачхъалаялда хабзалазда аскІоб чанги мина бан бугин санитариял нормабазда дандекколаредухъ. Мисалалъе, Сант-Барбарайин цІар лъураб коттеджазул авал. Гьел ккола бечедал чагІазул минаби. Судияс прокуроралда абун буго гьениб прокурорасул заместителас рукъ балеб мехалъ жинца санитариял нормаби цІунулел гьечІолъи ракІалде ккечІебищин гьезда.

ХIабиб
ДАВУДОВ

М-ТI Синдикъовасе

Рахчуге, хирияй, гьел хъахIал расал
Хасалилги буго гIураб берцинлъи
(Синдикъовасул репертуаралдаса)

Хасалил берцинлъи беццуге дие

1.

Дида хайир лъачIо гьаб херлъиялъул,
Хасалил берцинлъи беццуге гьудул.
Бакъуца нур тараб моцIрол канлъиялъ,
Квачараб янгъизлъи гьечIо хинлъулеб.

ХъахIлъарал расазулъ батичIо месед,
Меседил сардазул мунагьал гурел.
Соназул бечелъи - биччараб цIуллъун,
ЦIаго рекIунаро, ккуй къун гурони.

БухIун лъугIулеб цIва, цIорораб зодихъ,
ЦIадул мухъги нахъ тун бортизе къачIан.
Цебе хутIараб нух бахчараб бецIлъи,
БецIлъукьан паркъолеб къадаралъул нус.

Унтабаз, гIузрабаз кьурул чан гIадин,
Чи гьечIеб нохъоде къотIулеб гIумру.
Къимат гьабичIого араб замана,
Зурулеб, судулеб гьанже рекIеда.

Нилъехъ ралагьулел ясазул бадиб,
Бихьулареб хIасрат, гурхIел гурони.
Гьел гурхIалил чIоракь хьулазул хIанчIаз,
ХIал ккун балагьулеб балаялъул чIва.

Беццлъараб гIакъиллъи, гIинкъаб цIодорлъи,
ЦIороберазукьан бихьулеб дунял.
ЦIорораб бусаде бусараб чорхол,
Давления гуреб борхулареб гIуж.

ГIазул сангараца сверун къаравго,
Къилбаяле руссун рецIулел какал.
ХIасраталъул ахикь булбул къижигун,
КьуртIа чIун ахIтIолеб чIегIераб гъедо.

Анишазул гIертIаз тIамхал гъараб гъветI,
ТIегьазе хьулаца лъалъалеб заман.
ТIабигIаталъ кьурал кьогIал законал,
Кьурасда гьардолев хисизареян.

Щибго хисиларо, хасалил бакьулъ,
Кьуниги щибизе гьанже дий рии.
ХIасраталъул цIаял, цIадаца сварал,
ЦIидахъе рекIине кIвеларо гIаздалъ.

2.

Рагьдухъ хаслил гьури, хинлъиялъ тарал,
Хурдузул гъалазда буго жендолеб.
Хиялазукь заман кIочарав дида,
Цойги гъалал руго цере тIамулел.

Дол гъалал киниги, чIегIераб сордилъ,
ЧIамучIго гIодулеб буго кето руз.
ГIолохъанлъиялъул дандерижабаз,
Дий ахIулел руго пашманал кучIдул.

3.

ЛъачIо, лъачIо гьудул тIаса лъугьа мун,
ТIокIлъи хасиятаб гьаб херлъиялъул.
ХутIараб канлъуда гIургIунеб гьечIо.
ГIолохъанлъи чIвараб хаслил берцинлъи

БукIаниги
ахIе,
гьудул
Синдикъов,
Соназул хаслие
серенадаби.
Свиналде
риччанте,
лъол нилъер
цIваби,
ЦIикIараб
канлъигун
къалъизе
зодихъ.

Бусурбабийищ бусурГЬАБИйищ?

Циндаго рещтIараб квачалъищали лъаларо, дун кинабго сверухъ лъугьунебщинаб цIакъго рекIелъе бортулейлъун, рухIияб рахъалъ мигьайлъун лъугьарай… Октябрь моцIалъул лъугьа-бахъиназул цебеса унареб суратлъун кинабин дуе лъугьарабин гьикъани, лъала, цо дица гуреб, чанги ракI тIеренал бусурбабаз Ливиялъул цевехъан, полковник Муаммар Каддафи чIвай рехсолеблъи.

Ахирисеб хIохьелалде щвезегIанги жиндирго идеязул рахъги ккун, ватIанцоязе цебетIей гьарулаго… (унго, Россиялъеги анищ, цо-цониги жидерго счетал цIезарулаго свакараб мехалъгIаги халкъалъул цодагьаб ургъел гьабулев «диктатор»…)

Гьев вахIшиго чIваялъулъцин гуро гьаниб иш бугеб, рухI босун хадубги гьесул жаназаялъе бусурбабийин жалго рикIкIунез кьураб гIакъубаялъулъ буго. РакIалде щвезабилин, Ливиялда граждан рагьилан цIар лъураб, тIалъи кодосездаги дораса-гьаниса ккун рачарал, СШАялъулги Европаялъулги гьусулел гьаби-миллияб Советалъулаздаги гьоркьоб тунка-гIуси байбихьана гьаб соналъул байбихьудаго. Гьелъие бацьаналъун бачунеб букIана 42 соналъ Ливия гIадаб бечедаб хIукуматалъе бетIерлъи гьабурав «диктатор» Каддафил политикияб режималдаса разилъунгутIи. Гьаниб бихьизабизе ккола «Халкъалъе политикияб пикру загьир гьабизе эркенлъи кьечIев», бахIарчияв вождь Каддафица салул авлахъалда чIезабураб гьеб гьитIинабго улкаялда чIезабун букIана унго-унгояб социализм - чIобогоял: лъай кьей, медицина, киналго коммуналиял хъулухъал. ХIалтIи гьечIого хутIаразе моцIие кьолеб пособие - 730 доллар. Медсестраялъул харж - 1000 доллар. ЦIигIуцIараб хъизамалъе квартира босизе кьолеб гIарцул къадар - 64 азарго доллар, жидерго иш рагьизе бокьаразе пачалихъалъ гьабулеб кумек - 20 азарго доллар. Кредитал - тIаде процентал росуларел, гьересиял дараби гьарулезе диван - чIвазе къотIи, лъел литраялдаса учузаб (0,14 доллар) бензин…. Демократия цебетIураблъун ва инсанасул ихтиярал цIакъго лъикI «цIунараблъун» рикIкIунеб Россиялда макьилъцин бихьиларо жидерго пачаясул рахъалдасан гьединаб инсулаб тIалаб-агъаз. «Кинабго лъикI буго!» - ян балеб ахIиялда гъоркь «ракIалдаго гьечIого, тохлъукье» президентас премьерги, премьерас президентги хисулеб театралъухъги балагьун, «политикаялде гъорлъе журазе ихтияр гьечIониги, Ливиялда гIадаб гIумру анищ цо лъагIелалъниги» ян анищазда хутIизе руго нилъ гъаримзаби…

ХIакъикъаталдаги, НАТОян жинда цIар тараб СШАялъул, Англиялъул ва Франциялъул чукъбуздасан гIуцIараб рекъел «цIунулезул» къокъаялъ тIагIинарулел руго жидерго пикруги, лъайги, пачалихъияб гIуцIи щула гьабизе махщелги бугел церехъаби. Гьезул мурад буго Ливиялдаги, Сириялдаги, Ираналдаги, цойгидал исламиял хIукуматаздаги жидерго политика билълъанхъизаби. Гьединаб буго дагьал церегIан къояз 7 миллиардалде жиндир къадар бахараб инсаниятаЛъул къисмат - «Бергьарав тIад, къурав гъоркь». ШаргIияб законги билълъанхъизабулел, гIадамазул ихтияралги лъалел, улкаялда жанисел тIабигIиял сурсатазул бетIергьабилъун гьел жанир ругел ракьазул нухмалъулел рукIиналъ гIадатаб халкъалъе бугеб баракатги бичIчIулел церехъаби хIажат гьечIо дунявиябго кверщел хIажатав Баракиеги гьесул сверухълъиялъеги. Щаялиго, хварав полковникасул жаназаялъе жаза гьабулел гIурччинал байрахъал парпазарулел «бахIарзал» рихьидал, ракIалде ккана исламияб диналде ва унго-унгоял бусурбабазе рагIад рехизелъун цере рахъине тIамурал, бусурГЬАБИ ратилин гьал чагIиян. КIиго-лъабго моцIалъ цебецин Каддафил цо квер босизе анищазда рукIарал гьезда рагIичIо лъукъарав полковникасул «Аллагьасукьаги мунагьалъукьаги хIинкъулел чагIи гуро нуж», - ан угьдизигарди, гIадахъ босичIо живго жинцаго чIван гьеб жиндие гьабизесеб инжилъиялдаса ворчIизе рес букIарав гьев, Аллагьасукьа хIинкъарав, ахирисеб хIохьелалде щвезегIанги шаргIияб нухдаса таричIев диналъул вац вукIин. Кин букIаниги, халкъалъе жиндасан гьебщинаб баракат бахарав инсанасул хвелалдаса гьабуна учузаб, политикаялъул дагьабниги бичIчIи бугев чиясе киналго гьереси-артистал загьирлъулеб спектакль. Тарихалъ бицуна диктаторищ инсан вукIарав, жиндирго улкаялъул унго-унгояв патриотищали… Бицана гьеб ва къимат лъана Сталинил. Заманалдасан ливиялъулазеги рагьила Каддафил хIакъикъияб гьумер, амма ракIалде кколаро, лъикIлъи хIехьечIел гьезие, «политикияб пикру загьир гьабизе биччалев президент щун», жеги лъикIаб лъикIлъи БетIергьанас кьелилан…

П. МУХIАМАДОВА,
Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул редактор

№23 (23) 11 ноябрь 2011 сон

Кида щвелеб бакъ рагIад бачахъизе?

ГIабдула ДАГАНОВ,
Дагъистаналъул литературиял журналазул бетIерияв редактор, халкъияв шагIир.

КIудияб ахIи-хIур бахъинабуна магIарулазда гъорлъ Надиршагьасулгун гьабураб вахIшияб рагъулъ Сурхай ханасул вас МуртазагIалица, тIолабго дандечIеялъул къуваталъе бетIерлъиги гьабун, гьесул бахIарчилъиялда гъоркь бергьенлъи босанин Дагъистаналъул халкъалъ абураб пикруялда тумазул квергIатIидал гIадамаз гьесие Гъумекиб памятник рагьиялда хурхун. Тарихалдеги балагьун, мухIканаб хIакъикъат лъазабизе лъугьараб мехалда гьеб киналъего жаваб кьолеблъун лъугьунеб буго «Надиршагь щущахъ виххизавиялъул» хIакъалъулъ кечI. Унго гьеб кочIолъ якъинго бихьизабулеб бугеб куц ццидалав тушманасде магIарул халкъалъул цолъараб, нахъекъай гьечIеб, бахIарчияб къеркьей. Гьайгьай, гьениб хасаб бакI кколеб буго асирлъуде арав инсудасаги ватIалъун хундерил ханасухъеги ун, гьелъул боялда гъорлъ къеркьезе лъугьарав МуртазагIалицаги.

Дун лъилалиго пикру ритIухъ гьабизе газеталдасан цеве вахъунев гуро. Амма рекIее хIалхьи течIо нилъер цо-цо гIалимзабаз гьеб бахIарчияб кечI къунцI-къунцIун, къокъ гьабун, жидецаго данде гьарурал халкъиял кучIдузда гъорлъ, басмаялда рахъарал тIахьазда лъун батараб мехалда.

Кинацаго беццулеб ва жиндие мустахIикъаб къимат кьезе кколеб хIалтIи гьабуна хеккого гIумруялдаса арав, мунагьал чураяв гIалимчи СалтIаса ГIалихIажи Ахлакъовас аваразул халкъиял кучIдул ракIариялда ва гьезул хасаб тIехь басмаялда бахъиялда хурхун. Гьенир рахъарал, советияб заманаялъул идеологиялде данде кколарел асарал сабаблъун, лъикIаланго гIайибгъвелги гIунтIизабун букIана гьесда, махI босизе кирго сентIелел рукIарал КГБялъул цо-цо хIалтIухъабаз. Амма кинали лъаларо, тIехьалъе редакторлъи гьабурасищ, ялъуни гьеб данде гьабурав ГIалихIажи Ахлакъовасищ лъаларо, цо-цо кучIдул, гьезулъ бугеб кIудияб магIна холеб ва жалго кучIдул жагъаллъулел рукIиналъулъ балагьичIого, къвалал къотIарал хъубчул гIадин, къунцIун, къокъ гьарун руго.

Гьелъие мисал **«Надиршагь щущахъ виххизави»** абураб халкъияб кечI. ГIалимчияс жиндие кинаб пайдаялъе ва сундуе гIоло лъаларо, жиндилъ бицен гьабулел цо-цо халкъазда ва къавмазда гьеб квешго хъинтIизе бегьулеблъиялъухъги балагьичIого, гьезул унго-унгояб гьунаралъул ва бахIарчилъиялъул, гIасияв тушманасде дандечIеялъул къуваталъул гIуцIи ва кутак бихьизабулел цо-цо бакIал гьоркьоса къунцIун нахъе рехаралали. Гьеб кечI гIодосанго букIана авархалкъалда гъорлъ хIаталдаса ун машгьураб. Гьелда гъорлъан тIагIун руго гьал хадусел мухъал:

Гьанже ГIандаллъиялъ ахIи тIамуна
Диналъул вацазде, магIарулазде:
Гьидгиму къаралал, къелгиму тIекьал,
Багвалал, чIамалал, кIкIаралал, тIиндал,
Анкьракьал, хьиндалал, тIолго НахъбакIал,
Аман-мададилан, тIаде щвейилан!
Гьелщинал бахIарзаз ярагъ балелде,
Рагъде байбихьана кьещдул бахIарзаз.
Нахъияб бодуца чу кьололелде,
Кьолокь магьди къана къаралазул бод.
БахьингIи гъурулеб гъалбацI кинигин,
Гъерезе рекIана дов НурмухIамад,
Махх къотIулеб чаран Гьочоса ГIамир,
КъотIаризе вана къажар боязде.
Къаралазул бодуй къурбанин абун,
Къибла сверун чIана ГIисал Ибрагьим ва гь.ц.

ГI.Ахлакъовасул тIехьалда гьеб гьоркьоб биччан буго. Гьеб бихьидал ва лъалеб букIиндал киндай гьелъул рахъалъ жиндирго кьварараб ва ритIухъаб рагIи абичIого тараб гIагараб ракьалде ва гьелъул гьунарги бахIарчилъиги тIокIал гIадамазе кIудияб рокьи букIарав машгьурав шагIир ГIумархIажи Шахтамановас, гьеб гьайбатаб тIалъиялдаса рахъарал гIалимзабаз, тарихчагIаз? ТIубараб халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи тIасан хIуччги цIан, нахъе рехи – гьеб унго-унгоги рекIеда кьаву чIвазабулеб хIужа ккола.

ГIалимчи ГIалибег Хъазамбиевас «ХIакъикъаталда» бахъараб жиндирго макъалаялда ракIалде кковухъе рехсолел ва кьолел руго гьеб кочIодаса росарал бищунго мустахIикъал мухъал:

Махх къотIулеб чаран Гьочоса ГIамир,
КъотIаризе вана къажар боязде.

«Гьочоса ГIамирил» бакIалда гьес хъвалеб буго Ругъжаса ГIамирилан. КочIол чвахиялъгIаги бицунеб гьечIищ Ругъжаса гьениб гьоркьоб рекъон кколеб гьечIолъи. Гьайгьай, рукIана ругъуждерил бахIарзал, амма кочIолъ рехсарав Гьочосалъидал вукIарав.

Гьеб ва цогидал кучIдул гъорлъе ваккун хал гьабичIого, Ахлакъовас данде гьабураб тIехьалда рукIахъе лъун руго хадусел соназда басмаялда бахъараб, «ХIакъикъат» газеталъул гьурмазда аваразул некIсиял кучIдузул хIакъалъулъ, гьезие къимат кьурал чанги чIахIи-чIахIиял материлал хъварав, дагьалъ цеве нилъедаса ватIалъарав филологиял гIелмабазул доктор Сиражудин ХIайбулаевасул тIехьалдаги.

Ургъизе бачIуна, додин машгьурав гIалимчи-филолог Сиражудинил кIвар буссинчIого киндай хутIараб **«Надиршагь щущах виххизави»** абураб кечIалде, гьеб тIубан басмаялда бахъун бугищ, гьечIищали?

Дица, хъвадарухъан хIисабалда, биччазе гьечIо дир чIухIараб чIарадисезул тIалъиялъул бахIарчияб тарих, гьелъул гьунарги бихьинчилъиги тIокIал бахIарзазул цIарал мукъсан гьаризе, гьезда хIур хъвазабизе. Гьелъие бегIерлъи гIелин ккола дир къалмил тIогьалъул. **«Надиршагь щущах виххизави»** абураб магIарулазул бахIарчилъи, къвакIи, къохIехьей, умумузул ракьалде рокьиги, рокьукъав тушманасде ццимги жиндилъ якъинго бихьизабулеб гьеб кечI гьоркьоса хIарп камизе биччачIого тIоцебе букIараб къагIидаялъ дица «Гьудуллъи» журналалда бахъизе буго. Гьеб мехалда бичIчIун букIаян абе жидерго ургъел гьечIолъиялда бан кечIалъул рахъалъ цо-цо гIалимзабаз риччарал тасамахIлъаби.

Гьанже загьир гьаризин Гъумекиб памятник лъеялда бан бахъинабураб ахIи-хIуралъул рахъалъ дирго пикраби.

ТIад калам гьабизе бакI гьечIебгIанги битIараб, критикаялъулаб къимат кьолеб буго машгьурав шагIир, журналист МухIамад ПатахIовас дагьалъ цебе «ХIакъикъат» газеталда бахъараб «Нилъер бажари гьечIолъи цогидазул гIайиб кколебдай?» абураб макъалаялда тумазул центрлъун кколеб Гъумекиб Сурхай ханасул вас МуртазагIалие памятник лъеялда бан магIарулаз бахъинабураб ахIи-хIуралъе. БитIараб кици буго умумузул «Бекун хадуб бетIер бухьуге» – ян абураб. Гьеб памятник Дагъистаналъул халкъалдаса бальго, кинабалиго тIаде нух къараб къориниб гурелъул гьабураб, жидерго рес бугел, бечедал чагIаздаса гIарацги бакIарун, гьунаргун махщел тIокIал скульпторалги балагьун гьабуна. Гьеб лъалеб букIинчIебищ нилъер аваразул гIалимзабазда ва цогидал цебетIураб пикруялъул гIадамазда, гьанже памятник рагьун хадуб гьединаб ахIи-хIур бахъинабичIого? Гъумекиб памятник рагьилалде моцIгIанасеб заманалъ цебе Дагъистаналъул телевидениялдасан кьуна бащдаб сагIатгIанасеб мехалъ автор вихьизавичIеб, гIицIго гIурус мацIалда кIалъай рагIулеб передача. Гьеб букIана МуртазагIалиги гьес Надиршагь щущахъ виххизавиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиги, аскаралъе гьабураб бетIерлъиги якъинго бихьизабулеб кIалъай. Дица магIарул цо-цо гIалимзабазухъе, жамгIиял хIаракатчагIазухъе телефоналдасан ахIана нужеда рагIаниш гьебилан. Гьезул жаваб букIана тIаса-масагояб: «Щай рагIулареб? Тумал рукIунин жидеего рецц-бакъ гьабулел» – абураб.

МагIарулазул газетазда цIакъго гьесизабун хъван букIана гьеб памятник рагьулеб бакIалде щайдила Дагъистаналъул Президент М.-С.МухIамадов арав ва гьениб гьес кIалъай гьабураб?

Республикаялда, хасго аваразда гъорлъ кколел гIунгутIаби гIалагъважаял газетаз кьварун къватIир чIвазарулел рукIаниги гьезул редакциязда лъазе кколаан гьениве ине ва кIалъай гьабизе президентасда тIадаб букIин. Ине вукIинчIевищ гьединаб тадбиралда гIахьаллъи гьабизе президентлъун хадувккунги хутIаравани МухIу ГIалиев ва гьесул командаялъул хIакимзаби? Узухъда, инаан. Амма магIарулал цIакъал руго гьабулеб пайдаяб ишалда сверухъ гаргадизе. Нилъер дагьалищ ругел памятникал лъезе ккаралги, музеял гIуцIизе ва рагьизе ккаралги бахIарзалги, гIакъилзабиги, жидер цIаразе машгьурлъи щварал гIуцIарухъанлъиялъул гьунар тIокIаллъун рукIарал гIадамалги. Тумаца Парту ПатIиматиеги МуртазагIалиеги жидерго гIарцудалъун памятникал лъезе бегьулеб буго, магIарулаз абуни, инкар гьабулеб буго Шамилие, ХIажимурадие, Ахъбердил МухIамадие, имам ГъазимухIамадие памятникал лъезе. Эфенди Капиевасе МахIачхъалаялъул бищунго берцинаб, централияб къотIноб ва лъарагIазул Ирчи - Гъазахъие Ярагъиясул къотIноб руго памятникал лъун, тIолабго улкаялъго жиндир творчествоялъул къимат гьабулев ХъахIаб росулъа МахIмудие памятник гьечIо тахшагьаралда. Бищунго захIматаб заманалда ва гIемер саназ Дагъистаналъул бетIерлъун вукIарав ГIабдурахIман Даниялoвас гIумру гьабулеб букIараб рокъоб щай гьесул музей гьабизе бегьулареб, жакъа гьений йигей чIужугIаданалъе цоги рукъги кьун?

Буго жеги гIемер бицине жо нилъер гIумруялда, адабияталда, маданияталда, нилъер халкъалъул бахIарчияб тарихалда хурхун, пайда щиб, нилъер церетIурал, бечедаб ресалъул гIадамазда Думаялдаги Дагъистаналдаги депутатазул бакIазда гIодор чIолезда гьеб бичIчIулебани. Кинаб бугониги кумекалде хьулгун щайзе гIемерисел унел Хасавюрталде Сайгидпаша ГIумахановасухъе, гIакълугун - пикру данд базе Рамазан ГIабдулатIиповасухъе, щай гурелъул гIадамазда лъала гьезул рахъалдасан кинабгIаги инкар букIунареблъи, жидер мурадал гьез тIуразарулеллъи.

Тумаз басмаялда бахъана, Амучи Амутиновас харжги гьабун, жидерго хъвадарухъабазул рицатал анкьго тIехьалде данде гьарурал асарал. Дагъистаналъго къимат гьабулел, гIумруялъул сонал эхеде рахарал кIиго машгьурай кочIохъан йиго республикаялда: Муи ХIасанова ва Бурлият Ибрагьимова. Бурлиятил гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ хъвараб кIиго кIудияб, берцинго къачIараб тIехь - альбом басмаялда бахъана дагьалъ цебе лъарагIазул рес бугел гIадамаз харжги гьабун. Муие лъицадай кумек гьабилеб? Гьединго аваразул шагIирзабазул, хъвадарухъабазул тIаса рищарал асаралги данде гьарун, тумазул Амутиновас гIадин, лъицадай гьеб пайдаяб иш тIаде босилеб? Гьеб мехалда, нилъер таса-махIлъабиги, пайда дагьал гаргар-хабаралъулги пикру гьабидал ракIалде ккеларищ «ХIалчIахъаял тумал, лъарагIал, даргиял» абун. Кидаха нилъго рукIинел хIалчIахъаял абуледухъ? МагIарулал хутIулел руго суалияб ишараялъул рагIдукь. Кидаха щвелеб бакъ гьеб рагIад бачахъизе!

* * *

Ираналъул къирал, къажаразул шагь
КъезавичIищ, Тимур, уздензабаца
ИбрагьимхIажияс ахIи барабго,
АхIичIого щварав тушман нахъчIвазе.
Ярагъ магIарулаз гурищ борчараб,
БахIарчилъиялъул байрахъги борхун.
Дунялго мукIурав кьалул багьадур,
ГIандалазда гурищ щущазавурав?
Щайха, вац Айтберов, гьедин батани
Нилъер тIалъиялъул, тIокIал бутIруца
ВатIан, халкъ бичарав цо асирасул,
Сверуда бергьенлъул памятник бараб?
Гьел кьогIал суалал кьелел лъий, бице
КьучI гьечIел маргьаби ургъулезейищ,
Ургъунго гьел хIаял гьарулезейищ,
Щай мугIрузул улка бидуца хъвараб,
Дур ритIухъаб тарих, тохаб агьлуялъ
Гьерсил цIалкIабаца цIалкIулеб жакъа?

МухIамад НАСРУЛАЕВ,
поэт

подписка

«МИЛЛАТ» - МАГӀАРУЛАЗУЛ ЖАМГӀИЯБ ВА ПОЛИТИКИЯБ ГАЗЕТА

«Миллат» газеталъ щибаб рузман къоялъ магӀарулазе рагьизе руго росабалъги, шагьараздаги, улкаялдаги ругел цӀиял харбал, лъугьа-бахъинал, гьезда тӀаса пикраби, бахӀсал, машгьурал гӀадамал ва гьезие санагӀат гьечӀел суалал, сапаралдаса хъвай – хъвагӀаял, тарихалъул тӀанчал ва ракӀалдещвеязул щенолел цӀадал, цӀалдолезул пикраби, дандерижиял, кагътал, кучӀдул ва кинабго миллаталда хурхараб щинаб рагьизе буго нужое магӀарулазул цӀияб, эркенаб «Миллат» газеталъ.

Миллаталъул милат гьабулев щивав магӀарулав ахӀулев вуго цӀияб соналъе «Миллат» газеталъе подписка гьабизе ва гьелда тӀаса пикраби загьир гьаризе. Нижер индекс: бащдаб лъагӀалил 31169, лъагӀалил 31172. Газета хъвазе бегьула кинало почтаялъул отделениязда ва Дагъпечаталъул киосказда.

Багьа:
бащдаб лъагӀалие – 240 гъурущ.
лъагӀалие – 480 гъурущ

Буш, Клинтон – рептилиял, Никсон, Рейган – чӀвадарухъаби?

Дунял бижаралдаса нахъего гьелда кверщел гьабизе къваригӀал чагӀи камун ратиларо. Цин кинабго жугьутӀаз ккун бугин ахӀи бала цинги франко-массоназ «кьили чӀван бугин» инсанияталдайин гаргадула гӀадамал. Гьел пикрабазулъцини батизе бегьула цо битӀараб жо, амма цо-цояз гьезул пикруялда рекъон, дунялалда кверщел лъица гьабулеб бугебали бицун гӀадамал риххизарула.



Гьале жакъа Миллат газеталъ гьединазеги бокьараб батӀияб пикруялъего гӀадин эркенлъи кьолеб буго.

ТЮЦЕБЕСЕБ, «кутакаб» пикру: Бакъбаккул рахъалдаса аналитик МухӀамад Далбахица хъван букӀана Палестинаялъул тӀадлъиялъ ПӀизраилалдаса бачӀараб кӀинусго тонна сакъисалъул (жевачка) нахъе бахъанилан. Лабораториязда гьеб сакъисалъул хал гьабураб мехалда гьелъулъ батун бугила прогестерон абулеб гормон. Гьеб гормоналъ руччабазул бихьиназдехун цӀайи цӀикӀкӀинабулила, амма гьезда лъимал гьаризе кӀоларила.

Гьеб хъвай-хъвагӀаялъ унго-унголъунги гӀемераб ахӀи-хӀур бахъинабидал. «Вашингтон Пост» газеталъ ПӀизраилалъул химиялъул профессорасда тӀадкъан буго гьеб сакъисалъул хал гьабеян. Щибха гьеб сакъисалда батилеб, батӀияб жо щибго батун гьечӀо. Амма цо-цоял жеги жеги божун руго гьединаб сакъис унго-унгоги букӀанин, амма профессор жугьутӀав вукӀиналъ гьес халгьабиялъул гьересияб хӀасил кьун бугин гӀадамазухъеян.

КӀИАБИЛЕБ, дагьабги «кутакаб» пикру: 1990 соналъ BBC каналалъул репортер Девид Икеца бицана жиндир пикруялда рекъон дунялалда ханлъи гьабизе къеркьолел ругила рептилиял. Гьездасан гӀуцӀун бугила балъгояб «Элита» абураб кьокъа. Гьеб кьокъаялъ дунялалда кверщел гьабиялъе кинабго гьабулеб бугила. Икеца рикӀкӀунеб буго Бушги, Клинтонги, королева Елизаветаги гьел киналго рептилиял ккола ян. Девид Икеца жиндирго гьеб пикру тадсикъ гьабизе 15-нигӀи тӀехьги хъван буго, дунялалъул ханзаби щалали лъачӀезда гьеб лъазе букӀине гьанже гьев дунял сверун доклакал гьарулев вуго.

ЛЪАБАБИЛЕБ, «камиллъиялъ къвал бараб» пикру: Стив Лайтфут абурав чияс рикӀкӀулеб буго цӀар рагӀараб «Битлз» группаялъул музыкант Джон Ленон хъвадарухъан ва сценарист Стивен Кингица чӀван вугилан. Марк Девид Чапменица гурила музыкантасда 1980 соналъул 8 декабралъ речӀчӀараб. Гьеб хӀалтӀул бетӀер вукӀанила Стивен Кинг ва гьесие кумекалъе цадахъ рилъльун рукӀанила Ричард Никсон ва Рональд Рейган. Гьеб жиндирго теориялъул хӀакъалъулъ хъван Лайтфутица тӀехьцин биччан буго. Амма гьел «чӀвадарухъабазул» Ленон чӀваялъе щиб гӀилла букӀарабали лъидаго лъалеб гьечӀо, живго тӀехьалъул авторасдацин бичӀчӀулеб гьечӀин ккола гьеб.

УНКЪАБИЛЕБ, тӀубанго халкъ «рекӀедаса инабулеб» пикру: NASAялъ киданиги моцӀроде астронавтал ритӀун рукӀинчӀилан абураб теориялъул рахъкколезул къадар цӀакъ цӀикӀкӀараб буго. СШАялда гьабураб цӀех-рехалъул хӀасилазда рекъон 89 процент гӀадамазул божулеб гьечӀо моцӀроде чи ворржун вукӀанин абураб жоялда, 6 процент божун руго ва 5 процент щиб жаваб кьелебали лъаларого хутӀун руго.

ХӀурматиял цӀалдолел, гьаздаса «гӀаси-гӀасиял» пикраби нужер ратани гьезул хӀакъалъулъ «Миллат» газеталде хъвай. Нуже-нужееего гьелги тун гӀадамал «кантӀуларин»!

Гьумер хӀадур гьабуна ПатӀимат МахӀмудоваялъ.

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КӀАЛЪАЛЕБ БУГО

Борхатаб кьуруль гӀурал,
кьвараралъ магӀарулал,
Кьо бахъун ананиги
авар мацӀ кӀочоне тоге
МагӀарул мацӀ кӀочонге,
магӀарул цӀар кӀочонге,
МагӀарул гъасда панкъил
тӀагӀам кӀочене тоге
ЧӀагоялги кӀочонге,
хваразе бетӀер къуле
Херал умумул гӀураб
росу кӀочене тоге

Алипат,
Темихан – Шура.

ПӀибрановасул сариналдаса президентасул гара – чӀвари бокьана, баркала «Миллаталъе»

8963 … .. 72

Парламеталде арав редакторасда гӀезегӀан жо бихьун бугоан, амма хӀелеко гӀегӀедулелъул къуркъур бачунел гӀанкӀуязул хъван гье чӀоан.

8938 … ..49

ПӀимрановасдаса пикру камилав шагӀир дида ватичӀо жеги, ахирги кӀвана гьесда китай мацӀалда хъварал кучӀдул магӀарулазда ри чӀчӀизаризе.

8928 … ..37

Президент гӀакъилав чийищ вугев, ялъуни «Миллаталъ» гӀакъилгойищ вихьизавурав?

8960 … .. 40

МухӀуда гьаре «Миллаталъе» хӀакъикъат рагьеян, цӀакъ гӀемер харбал тӀиритӀун руго гьев нахъе инална хурхун…

8988 … .. 45

Живго кванараб росониве тударулесда рельлъун вуго Ибранил ХӀажи

8938 … ..49

Кьижилалда цебе цӀализе лъикӀал харбал руго ГъалбацӀовасул, «Коммунизмги» цӀалун кьижарабго гӀадал макьаби дида рихьичӀо киданиги.

Хьиндалав

Лологъонилъа ХӀаписатихъе ва ПӀибранил ХӀажиясухъе ккана гьанже авар миллаталъул иш

8963 … ..50

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магӀарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотӀноб, вокзалалде щолеб бакӀалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахӀе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цӀализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хӀажат руго лъикӀго авар мацӀ лъалел ва компьютерална хӀалтӀун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



СалтӀа росу

МАГӀАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
ООО «МИЛЛАТ»

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала, ул. Дзержинского, 17 б. 7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.

Заказ № _______ Тираж 3000 экз.